



# **PREMYE REZOLISYON SOU ÒTOGRAF LANG KREYÒL AYISYEN**

**Akademi Kreyòl Ayisyen**  
**Jen 2017**



# **PREMYE REZOLISYON SOU ÒTOGRAF LANG KREYÒL AYISYEN**

## **I- KONTÈKS**

Nan mwa jen 2015, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) tanmen yon demach patenarya ak Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) sou baz misyon toude enstitisyon yo ki kwaze sou kesyon politik espesyalman nan sistèm edikatif ayisyen an. Konsa, nan dat 7 jiyè 2015, MENFP ak AKA fòmalize demach la avèk siyati yon Pwotokòl Akò ki tabli baz pou yo kolabore.

Depi nan refòm Minis Joseph C. Bernard (Refòm Bèna), enpòtans lang kreyòl la toujou prezan nan kèlkeswa refleksyon k ap fèt sou edikasyon nan peyi a. Se ak lespri refòm sa a MENFP ak AKA pran angajman pou yo travay men nan men pou yo amelyore kalite ansèyman nan sistèm edikatif ayisyen an.

Aprè siyati Pwotokòl Akò a, premye aksyon de (2) enstitisyon yo poze se lansman demach estandadizasyon òtograf kreyòl la ki se youn nan aktivite ki enskri nan plan travay Akademi an, paske òtograf 1979 ki te nan esperimantasyon pou 4 lane a, gen tan pase pase 36 lane san piblikasyon okenn rezilta.

Akademi Kreyòl Ayisyen an, nan tèt kole ak MENFP ak kolaborasyon Fakilte Lengwistik Aplike òganize 7 jounen atelye ak reprezantan divès sektè nan popilasyon an ki ap travay sou lang kreyòl tankou: teknisyen nan MENFP, teknisyen nan SEA, Pwofesè nan FLA, teknisyen nan

Jounal Bon Nouvèl, ekriven, pwofesè ak direktè lekòl, pwofesè nan inivèsite a, pwofesè kreyòl, konseptè liv kreyòl, lengwis, tradiktè, editè, eksetera. Objektif atelye sa yo se te fè envantè difikilte nan itilizasyon sistèm nan, ranmase refleksyon sou yo epi analize yo sou baz teyorik syantifik. Soti desanm 2015 rive me 2016, komisyon syantifik Akademi an te evalye pwopozisyon ki te soti nan atelye yo. Se nan Asanble Jeneral Akademi an, nan dat 3-5 jen 2016 la, Akademisyen yo te adopte dispozisyon sa yo.

## **II- KONSIDERASYON LEGAL**

- Dapre atik 35 Konstitisyon 1957 la ;
- Dapre atik 35 Konstitisyon 1964 la ;
- Dapre atik 35, atik 184 Konstitisyon 1971 amande a ;
- Dapre atik 62 Konstitisyon 1983 a ;
- Dapre atik 5, atik 24-3a, 40, 213, 215 ak atik 216 Konstitisyon 1987 la
- Paske gen Lwa 18 septanm 1979 la ki entwodui Kreyòl Ayisyen an kòm lang ansèyman epi kòm matyè nan ansèyman ;

Paske atik 3 menm Lwa 18 septanm 1979 la bay Depatman Edikasyon Nasyonal misyon pou li esperimante grafi ofisyèl la pandan kat (4) lane anvan adopsyon li si rezilta esperimantasyon an pozitif ;

Paske gen yon lèt sikilè Depatman Edikasyon Nasyonal mete deyò nan dat 31 janvyè 1980 sou fason pou yo ekri Kreyòl Ayisyen an ;

Paske gen Lwa 7 avril 2014 ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen an epi atik 4, 5 ak atik 12b menm lwa sa a fikse misyon Akademi an ak travay li ;

Paske gen yon Pwotokòl Akò Akademi Kreyòl Ayisyen an siyen avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl nan dat 8 jiyè 2015 ;

Pou tout rezon sa yo,

Akademi Kreyòl Ayisyen antreprann etid ak analiz sistèm òtograf 1979-1980 k ap aplike nan peyi a. Apre divès konsiltasyon ak diskisyon, Akademi an nan tèt kole ak Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl ak kolaborasyon Fakilte Lengwistik Aplike pran nouvo dispozisyon sa yo ki nan dokiman sa a:

### **III- DISPOZISYON**

#### **Dispozisyon # 1 : Alfabè kreyòl la**

Akademi an rekondui alfabè 1979 la ki rekonèt lang kreyòl ayisyen an genyen trannde (32) son ( syans lengwistik rele son yo « fonèm » ).

Alfabè a reprezante son sa yo avèk 32 senbòl kote chak senbòl reprezante yon fonèm (syans lengwistik rele senbòl sa yo « grafèm »).

Pami 32 grafèm sa yo, genyen ki fèt ak yon (1) grenn lèt oubyen yon (1) graf, genyen ki fèt ak de (2) lèt (lengwis yo rele grafèm sa yo « digraf ») epi gen youn ki fèt ak twa (3) lèt (lengwis yo rele li « trigraf »).

**Men grafèm ki reprezante son yo :**

**a , an , b , ch , d , e , è , en , f , g , h , i , j , k , l , m , n ,  
ng , o , ò , on , ou , oun , p , r , s , t , ui , v , w , y , z.**

Trannde (32) grafèm yo divize an 3 kategori: vwayèl, konsòn, demi vwayèl

### **Kategori vwayèl :**

**Vwayèl oral** (*son sa yo sòti nan bouch sèlman*)

- a:** ale, naje, matla
- e:** elèv, plezi, melanje
- è:** èd, malèt, oslè
- i:** imite, limit, peyi
- o:** ochan, solèy, rido
- ò:** ògàn, pòt, gadò
- ou:** ouvriye, goud, kalalou
- ui:** (*Vwayèl espesyal*) uit, kuit, pwodui

**Vwayèl nazal** (*son sa yo pase nan bouch ak nan nen*)

- an:** anvayi, manje, ban
- en:** enfimyè, pentad, lapen
- on:** onz, ponp, pantalon
- oun:** oungan, mazounbèl, kanndjanhoun

### **Kategori konsòn :**

**Konsòn oral :**

- b:** bak, anbake, kapab
- ch:** chat, rache, wòch
- d:** dodin, radote, pèd
- f:** fèmen, lafanmi, chèf
- g:** gato, ragou, bag
- h:** hap, hihan, enhen
- j:** jako, aji, garaj

**k:** kaye, rekòlte, kòk  
**l:** limyè, aliye, pil  
**p:** pale, rapòte, tap  
**r:** rakonte, arete, sèr (nan Nò)  
**s:** sak, resi, rè  
**t:** tas, retay, dèt  
**v:** valiz, revòlte, rèv  
**z:** zanmi, razwa, wòz

### **Konsòn nazal:**

**m:** matla, remèd, lam  
**n:** nap, analiz, pàn  
**ng:** ling, touhing, hinghang

### **Kategori demi vwayèl/demi konsòn :**

**w:** wa, wowoli, kaw  
**y:** yanm, ayewopò, kay

## **Dispozisyon #2 : Fòm long ak fòm kout**

i) Gen mo nan lang nan ki gen 2 fòm, yo ka parèt swa sou yon fòm long, swa sou yon fòm kout.

Egzanp:

Nan pwonon ak detèminan:

- 1) Mwen ak M : **mwen** vini / **m** vini.
- 2) Ou ak W : **ou** annik monte eskalye a/ **w** annik monte eskalye a.
- 3) Li ak L : **li** antre / **l** antre.
- 4) Nou ak N : **nou** ap travay / **N** ap travay.

- 5) Yo ak Y :                **yo** ap travay di / **y** ap travay di.  
6) Ki ak K :                moun **ki** ap pale a / moun **k** ap pale.

Nan kèk vèb :

- 7) Konnen ak Konn : li **konnen** leson an / li **konn** leson an.  
8) Vini ak Vin : li **vini** ak tout founiti / li **vin** ak tout founiti.  
9) Ale ak al : li **ale** Jakmèl / li **al** Jakmèl  
10) Gen lòt vèb ankò tankou: **genyen, gade, soti**, eksetera.

ii) Mo « w » (fòm kout) toujou mande pou li gen yon vwayèl nan vwazinaj li (swa devan, swa dèyè), kit se nan kòmansman yon bout fraz, kit se nan mitan 2 mo. Depi kondisyon sa yo pa reyini, se fòm long nan « ou » ki sèvi.

Egzanp :

- 11) Chemiz **ou** pran an.  
12) **Ou** manje manje a.  
13) Pitit **ou** fè dèt sou tèt **ou**.

iii) Gen kote « w » pa kapab ranplase « ou » paske yo pa remèt menm sans, yo p ap jwe menm fonksyon.

Egzanp :

- 14) Se pa **w** (ki vle di : **se pou ou**).  
15) Se pa **ou** (ki vle di : **se pa ou menm**).

### Dispozisyon #3: Apostwòf - tirè

#### Apostwòf:

Li pa nesesè pou nou sèvi ni ak apostwòf ni ak tirè pou nou kole yon mo ak yon lòt mo.

Lè mo tankou « mwen, ou, li, nou, yo » parèt sou fòm kout (m, w, l, n, y), nou pa dwe kole yo ni ak mo ki vini anvan yo a, ni ak mo ki vini apre yo a. Annik kite yon espas pou nou separe yo ak lòt mo.

Egzanp :

- 16) **M** ap vini.
- 17) **N** ap dòmi.
- 18) **Y** ap pran **l**.
- 19) Se rad pa **m**.
- 20) Al pran liv pa **w**.
- 21) Anita frape pye **l**.
- 22) Bra **n** pran nan moulen.

N.B. Se menm konsiderasyon an pou tout fòm kout ki nan sitiyasyon sa a.

#### Tirè :

Nou kapab sèvi ak tirè pou nou separe yon mo nan finisman yon liy, epi lè n ap separe pawòl diferan pèsonaj nan yon dyalòg. Nou kapab itilize li pou nou make yon dire, yon entèval oubyen pou nou òdone yon lis.

Egzanp:

- 23) 9è – 10è ;
- 24) 2010 – 2015 ;

25) paj 22 – 26.

26) 1-a, 1-an, 1-b, eksetera

#### **Dispozisyon #4 : Òtograf non moun**

Non moun yo fèt pou yo ekri yo jan yo ye nan dokiman legal ak dokiman administratif yo. Pou fasilite pwononsyasyon non yo, y ap ekri yo ant parantèz, nan òtograf kreyòl la.

27) Paul Magloire (Pòl Maglwa) se yon ansyen prezidan Ayiti.

#### **Dispozisyon #5 : Non pwòp vil yo ak non ri yo**

Yo dwe ekri non vil ayisyen yo nan 2 lang ofisyèl peyi a (kreyòl ak franse), annatandan yon amenajman lengwistik. Si non vil, non lokalite ak non ri yo poko egziste an kreyòl, n ap ekri yo nan òtograf orijinal yo epi nou mete òtograf kreyòl la ant parantèz.

Egzanp :

28) Avni John Brown ( Djonn Brawonn )

#### **Dispozisyon #6: Jan pou nou itilize grafèm “r” oubyen “w”**

##### **Devan vwayèl won**

Devan vwayèl won (o, ò, on, ou) nan yon mo, se « w » pou nou itilize, « r » pa parèt.

Egzanp :

29) Wobè, wobo, wòch, wòwòt, pewon, wont, wout.

##### **“r” ak “w”**

“r” ak “w” pa janm mache kole nan yon mo.

## Dispozisyon #7: Aksan

### Aksan grav

Sistèm òtograf kreyòl ayisyen an sèvi ak yon sèl aksan, aksan grav. Yo konn rele li aksan fòs. Aksan grav la gen 2 fonksyon :

i) Li sèvi pou li fè diferans ant 2 grafèm : e ak è ; o ak ò

Egzanp:

30) « e » epi « è » : ou pe bouch ou, ou pè pale;

31) « o » epi « ò » : Wozita achte yon lo mango, Ànya achte yon chenn lò

ii) Li anpeche yo konfonn grafèm “a” devan “n” ak grafèm “an”. Sa vle di li anpeche nou pwononse “an” [ã] nan plas “a-n” [an] ki reprezante 2 grafèm.

Egzanp:

32) « an » epi « àn » : Pan mi an tonbe, oto a an pàn ;

### Aksan sou majiskil

Toujou mete aksan sou lèt majiskil, lè son an mande l.

Egzanp:

33) Àn Katrin, KREYÒL,

## Dispozisyon # 8:

Lang kreyòl la itilize tout senbòl entènasyonal ansanm ak tout lèt ki sòti nan lòt sistèm alfabetik ki sèvi nan domèn syantifik.

Egzanp : δ (dèlta), λ (lanmda), C, Q, U, X, eks.

## Dispozisyon #9 : Non diferan siy ponktyasyon

|     |     |                   |
|-----|-----|-------------------|
| .   | = > | pwen              |
| :   | = > | 2 pwen            |
| ,   | = > | vigil             |
| ;   | = > | pwen vigil        |
| ?   | = > | pwen entèwogasyon |
| !   | = > | pwen esklamasyon  |
| « » | = > | gimè              |
| ( ) | = > | parantèz          |
| ... | = > | pwen sispansyon   |

Akademi an ap genyen pou li prezante yon dokiman detaye sou non yon seri siy espesyal ak fason pou yo itilize yo nan diferan domèn.

N.B : Akademi an ap genyen pou li pibliye lòt rezolisyon sou òtograf ki makonnen ak gramè lang kreyòl la.

## Akademi Kreyòl Ayisyen

#6, ri “des Marguerites, Turgeau” Pòtoprens. Ayiti

[www.akademikreyol.net](http://www.akademikreyol.net)